ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№125 (21.533) ● 2009 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 7, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Нэхъыфіхэр къыщыхах

Бадзэуэгъуэм и 3-м «Синдикэ» Интур-хъэщІэным щагъэлъэпІащ «2009 гъэм и хъэрычэтыщІэ нэхъыфІ» республикэ зэпеуэмрэ КЪБР-м и Президентым и саугъэтыр кьэхьыным теухуа «2008 гъэм и Іуэхущапіэ нэхъыфІ» зэхьэзэхуэмрэ щытекІуэхэр.

ТекІуахэм ящыщщ Кьер Альэн. Абы йохьэхьу КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

АБы ТЕУХУА гуфІэгъуэ зэхьэхьэр кьыззэригъэпщащ Къбэрдей-Балькъэрым Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм.

- Ильэс зыбжанэ ипэкІэ дэ кьалэн зышытыжьауэ щытащ ди республикэм хьэрычэтыщІэ Іуэхур лъэныкъуэ псомкІи щыдэтыгъыну. Ар Іуэху кьызэрыгуэкІэгъэкъым, лъэпощхьэпохэр куэдт. Ауэ жытІэ хъунущ абы щигъуэ дызытегушхуахэр нобэ хьарзынэу кьыдэхъулІэу, - кьыжиІащащ КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен зэІущІэр кьыщыззІуихым. - ІэнатІэ мыинхэр зыгъэгъэнымкІи Іэмалхэр кьэралым щыІэхэм куэдкІэ іоФІэкІ, Кьапщтэмэ, щІэзыдзагъащІэхэм грант (ахъшэ Іэрылъхьэ) яхуэхьоу, кьащтэ щІыхуэхэм теухьэ процентхэр ящхьэщыдох, хьэрычэт Іуэху мыинир дэІыгъыныжкІэ муниципальнэ фондхэмрэ кредит кооперативэмрэ я заемэщІащ ядот.

Кьанокъуэ Арсен кьызэригъэльэгъуажкІэ, унафэщІ кадрхэр гъэхьэзырыным теуху программэ пыухыкІа мызэкІэ Урысейм и щыналъэхэм щызиІэр Къбэрдей-Балькъэрым и закъыщ. Абы кьыдэкІуэу, кьэралым щынэхь ин дыдэ бизнес-инкубаторхэр зэдащІыр Налшыкущ. Бахьсэн, Прохладнэ куейкэми апхуэдэ ІуэхущапІэхэр щаухуэх.

- Ди щыхуэхэр хьэрычэт Іуэхум щыхэтшам щыгъуэ республикэ бюджетым хальхьэфу щытар сом мелуан 300-т, мы гъэм ар мелардэ 2,5-м нэсащ. Президент программэм ипкъ иткІэ, ди щылэгъуэлэр дуней псом щынэхьыфІу кьалытэ бизнеседжапІэхэм дгъэжІуэнущ. Абы Іэмал кьыдитынущ республикэм кьыпэщыт кьэлэнкэр гъэззэщІынэр кьызэзыгъащІыну кьызэзыгъащІыну менеджер, унафэщІ Іэззу дызыхуейм хуэдиз едгъэджэну. Зи гугъу тщІы мы программэм хуэдэ

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Пшыхьхэр

Урысейм и зы щыпІи щыІэкъым. Абы и еФэкІыныгъэ нэхъыщхьэр кьэралым и мылькыкІэ зэредгъаджэщ, - кьигъэльэгъуащ Кьанокъуэ Арсен.

Иужькъ утыкум кьрашащ «2008 гъэм и Іуэхущапіэ нэхьыфІ» зэпеуэм щытекІуауэ кьалъытахэм я лЫкІуэхэр. Зэхуэсахэм я Іэгуаущ щэту Президентым лауреат хьуахэм яритыжащ дипломхэмрэ саугъэт льапІэхэмрэ. А пщІэр хуагъэфедэ «Телемеханикэ» ОАО-м (унафэщІыр Кьер Альэнщ), «Агро Плюс» ОАО-м (унафэщІыр Щоджэн Русланщ), Майр районым щыІэ «Ленинцы» СХПК-м (унафэщІыр Бердюжов Владимирщ), «Тырныауз шахтэухуэу управленэ» МУП-м (унафэщІыр Мизиев Мухьтарщ), «ЮТК» ОАО-м и Къбэрдей-Балькъэр кьудамэм (унафэщІыр Просветов Сергейщ).

«2008 гъэм и хьэрычэтыщІэ нэхьыфІ» республикэ зэпеуэр номинацитхуу гуэшауэ щытащ. Абы щытекІуауэ кьалъытащ Шэрджэн районымрэ Прохладнэ кьалэмрэ щыщ цхьэзакъуэрыплажьэхэу Кьалмыкъ Роберт, Уэрыш Светланэ, «Шэрджэн шагъэ ерыскыпрэм» ООО-р (унафэщІыр Бэчыкъ Альэнщ), Шэрджэн кьалэм дэт «Афродитэ» центрыр (унафэщІыр Мамбэт Фуэзэщ), Налшык щыІэ «Гермес» ПКФ ООО-р (унафэщІыр Хочуевэ Мадинэщ).

ТекІуахэм дипломхэмрэ дамытыжхэмрэ иратыжащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар, промышленностымкІэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-комунальнэ хозяйствэхэмкІэ министр Абрэдж Іэдиб, республикэм и Правительствэм и Іэтащхьэм и япэ кьуэдзэ Тхьэгъэпльык Мурат, опт сату Іуэхущапіэхэм я ассоциацэм и нэхьыжь Шыбзыхьэ Мухьэмэд, КЪР-м и Правительствэм и Тхьэмадэм и кьуэдзэ Уэнаев Казым, республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щІым екъэлІа зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ ЛЫхьэгу Хьэжмурид, экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ министр Мусуков Владимир, Президентым и чэнджэщэгъу Уэнаевэ Іэмнат, республикэм и Парламентым ПромышленностымкІэ, гъэсэу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ и комитетым и унафэщІ Мэремкьуэ Сафарбий, уахэнигъэмрэ архитектурэмкІэ министр Афэщіагъэ Михаил сымэ.

Зэпеуэм и кІэм Президент Кьанокъуэ Арсен зэпеуэм щытекІуахэм, аргуэру зэ ехьэухъуащ, абыхэм жьыдэкъу хэта псомИ фІыщІэ яхуищІащ, дяпэкІи я зэфІэкІым хагъэхьэуну зэрригуапэр кьыхигъэщащ.

ЗэІущІэм и кІэм Президент Кьанокъуэ Арсен зэпеуэм щытекІуахэм, аргуэру зэ ехьэухъуащ, абыхэм жьыдэкъу хэта псомИ фІыщІэ яхуищІащ, дяпэкІи я зэфІэкІым хагъэхьэуну зэрригуапэр кьыхигъэщащ.

ЗэІущІэм и кІэм Президент Кьанокъуэ Арсен зэпеуэм щытекІуахэм

● Жыжьэ - гъунэгъу

Гъуэгу щыIэмэ, гъащIи щыIэщ

Тхьэмахуэзэхуаку блэкIам и махуэгъэпсым къыщыхьа бжыгъэхэм ягъэщIу зыштэмыгъэнкIэ Iэмал зимыIэ зы Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн. Ар 1929 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м Къбэрдей-Балъкъэр Автоном областым и облисполкомым и Советхэм я Президиумым я зэIущIэм Къалмыкъ БетIал и унафэкIэ ОБЛДОРТ-РАИС къызэрыщыдзэрагъэпэщарц, Абы щыгъуэ гъуэгу быркьуэщыркьуэхэр кьагъэпсалъэрэ сабэ гуэрэнхэр кьагъэхьейуэ выгуэхэр, щыгуэхэр, щухэр Налшык и уэрамхэм куэду щызекIуэрт. Автомобилым игъэзащIэ мыхьэнэр щIыхуэхэм нэсу кьащыгурыIуар Долинск и зыгъэпсэхупIэ щыпIэкъэм кьалэдэсхэр зышэ янэ автобусыр щыIыхьуарц. Абдежым кьыщюжьэ республикэм и автомобиль транспортымрэ гъуэгуэмрэ заужьыныр.

АПХУЭДЭ щыкIэкIэ 1932 гъэм хьэльэзешэ транспортым папщIэ янэ Автоколоннэ №1437-р къызэрагъэпэщ. ИльэситI докIри, республикэм къыIэрохьэ Италиеи и «США»-хэр, Америкэм и «Форд-АА»-хэр, ди къэралым и «ГАЗ-АА»-хэмрэ «АМО»-хэмрэ. 1938 гъэм Налшык и уэрамхэм дагъэувэ тIыслыпIэ 18 зиIэ «ГАЗ-03-30» автобусхэр. №1438 етIуанэ автоколоннэм и кьежьапIэу кьалъытэри а илъэсым и бадзэуэгъуэ мазэрщ. ЖыпIэ хьунущ автотранспортыр экономикэм и зы Iэнатlэу зауэм ипэ илъэсхэм зэтеувауэ. Абы республикэм и гъащIэм щигъэзащIэ мыхьэнэм хэхъуэ зэпытт. Ар кьалъытэри, Iуэхум зэуIуу зэрызагъэжьыным щыдзэуэ абы кьаруушуэ ирихьэлIащ.

Автокомбинатым щызэрагъэпэщыжь машинэхэм щытыкIэр щIигъэпсынщIэрт, ауэ Iуэхур хэпщIыкIыу щызэтеувар 1958 гъэрщ. Абы щыгъуэ республикэм «ЗИЛ-158», «ЛАЗ-659» автобусыщIэхэр кьыIэрыхьэу хуежьащ. 1966 гъэм АТП №2-мрэ Налшык автокомбинатымрэ автошкол къызэрагъэпэщащ. 1969 гъэм ГI-нэ техникэ учлишэр кьызэIуахащ.

А Iуэхугъуэфlэхэри нэгъуэщIхэри Iупщlу хыбоплъагъуэр Къбэрдей-Балъкъэрым и экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэм хуэфащэ хэтхьхьэныгъэ хуэзыщIа транспорт Iэнатlэм и тхыдэм.

- Гъуэгу здэщыIэм гъащIи щыIэщ. Гъуэгуфlэхэр яухуэри, гъащIэм зихъуэжащ. Зэманыр и пIэм итакъым, - жеIэр «Къэббалъкъавтотранс»-м и къызэIуахыкIуэ, абы и лэжьыгъэр илъэс куэдкIэ Iэкlуэтакlуэу зыунэтlа унафэщI Iэзэ Хьурей Феликс. Абы щыгъуэ транспорт Iуэхум зэуIуу зиужьыур. Иджыпсту машинэхэр кьащхэхури, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэмкIэ кьагъэсэбэп. Совет лъэхъэнэм и Iэнатlэр апхуэдизкIэ лъэщу зэтеутхуати, сыхьэтым хуэдэу лажьэрт. «Къэббалъкъавтотранс»-м гупыгъэ щхьэхуэ хуищIырт хьэльэхэр гъэIэпхъэным, гъуэгурэ, псэуалъэхэр, псэупIэхэр хуэунэм, технологическIэр къэгупсысыным, къэгъасэгъэпыным, къэрал кIуэцI, къэрал щыIэ экономикэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, Iэщlагъэлэхэр гъэхьэзыным.

- Хьурей Феликс къызэгъэпэщакIуэ Iэзэм кьыщымынэу икIи жьыжьапIэт. Куэдым хуэпабгъэрт, щIэмычэу щIэ гуэрхэм лъыхъуэрт, кьигъуэтырт, кьалэныштхэр кьытхуигъэувырт. Езым кьикIуэт жыхуаIэр ишIэртэкъым, дэрэ дригъэгъысхьырт зекъымкIэ, абы екъуIэныгъэ нэрыльагъуэр кьыдэкIуэрт, - игу кьегъэкIыж автотранспортым и ветеран Папурэ Николай.

- Лъжьыгъэшхуэ дыдэхэм я лъэхъэнэ а зэманыр. Хьурейм хуэзэфlэкIат кьалэ кIуэцIым, абы и щIэныгъэ щIэн

КъуиижьцIыкIу хъунщIакIуэхэр Iуегъэщт

● Хъыбархэр

Еуэри, жеIэ, мэлыхъуэ пщыIэ гуэрым мэл мин яIэт. Лэгъупэжьу ЛIыжьцIыкIу, мэлыхъуэу КъуиижьцIыкIу сымэ тест. ЛIыжьцIыкIу Iэ ззэу пщIы иупсырт, КъуиижьцIыкIу абы едаIуэуэрэ дыхьэшхырт. Арыххэу, «Ей!» - жеIэри, зыгъэр къоджэ. КъуиижьцIыкIу щIожри - хъунщIакIуэ гуп щытщ!

- Фепсых, хьэщIэ лъапIэхэ, фынеблагъэ! - жи КъуиижьцIыкIу, зигъэIужажэу. - Ди лэгъупиблыр фIэдзащ, ди гъэлъэхъуиблыр мавэ.

- Iау! - къоуIэбжь хъунщIакIуэм я гъуаззэр. - Хэт апхуэдиз зэвгъэщхинур?

КъуиижьцIыкIу и Iэпхэр щIигъашэурэ къребжэкI:

- Мо ЛIыжьцIыкIу, ЛIыжьныкъуэ, Дунакъей, Къемэт, Къетыкъуэ, Ламжьей, Ламбэч, Бэчтхьэгъу, Тхьэгъулъашэ, Лъащэмырзэ, Мырзэкъан, Къанщауэ, Щолъэхъу, ЛъэхъупIащIэ, ХьэщIэхуэфI, Фэлашэ, ШIэфэндырэ. Адрейхэри мыгувэу къытехьэжьынущ: фынеблагъэ!

- Уэлэхъэ, мыбы дэ дицIх щымыIэ. Чыху! - жаIэри, елъэдэкъауэщ аби, хъунщIакIуэ гупыр ежьэжащ.

Мылъку нэхъыфI хьэмэ акъыл нэхъыфI?

Еуэри, уэ пхуэдэу зы щIадэфI гуэр щыIэ хъунти, Тхьэм и нэфI къыщыхуэри, къеупщIащ, жи:

- ФIыгъуитI уэхэзгъэдэнущи, губзыгъэу хэдэ: мылъку нэхъыфI хьэмэ акъыл нэхъыфI? Узыхуейр къыхэхи уэстынщ, - жери.

ЩIалэр зэчэнджэщын иIэтэкъымы, и Iэхъуэ башыр, хьэмкIутей баш плъыжьышхуэр, хетIэ, и пыIэжьыр фIедзэри, абы йочэнджэщри, итIанэ жэуап ирет:

- ГуащIэри гущIэгъури зейр уэращ, - жи. - Мылъкур мо уэсэпсым хуэдэщ, кIуэд зимыIэр акъылращи, акъылкIэ сынолъэIу.

- А уи башым уи пыIэр фIэбдзэу ущечэнджэщам наIуэт уэ уэзрымыделарэ, - жи Тхьэм. - Ауэ, мылъкур лей хъу щхьэкIэ, акъылыр лей хъуркъым, - жеIэри, акъыл кърет.

Тхьэм къуитыфынтэкъэ акъыа? ЩIалэфIыр Iущ мэхъури, мэунэ, мылъкури зрегъэпэщ. Ауэ мылъку лейр къыпщIэхуэмэ, жылэм яхуегуэш.

Зытхыжар **НАЛО Заурщ.**

ЦIыхухъурэ цIыхубзрэ

● Хабзэ

● Гъуэгур шынагъуэу, машинэ куэд щызэблэкIыу щыщытым деж, цIыхубзыр шынагъуэм щихъумэн папщIэ, нэхъ здэщынагъуэмкIэ цIыхухъур мэув.

● ДэIэпыкъугъуэншэу лэжьыгъэ гугъу (мэкъу зыунэщI, пхъэ зыкъутэ, н.кь.) зыгъэзащIэ цIыхубз хуэзауэ абы дэмыIэпыкъуу блэкI цIыхухъур емыкIуштхуэ ящI.

● ЦIыхухъурэ цIыхубзрэ зэгъусэу щытмэ, щысмэ е гъуэгу теувэмэ, цIыхухъум цIыхубзыр и ижьырабгъукIэ егъэув (егъэтIыс), ауэ и гъусэр и щхьэгъусэмэ, здигъэувыпхьэр (здигъэтIысыпхьэр) сэмэгумкIэщ. АбыкIэ къащIэ ахэр зэрыззщхьэгъусэр.

● Иджыри нысэ щэныфIэхэм, хабзэр фIыуэ зыщIэхэм, нэхьапэ хэм ху эдэу, я тхьэмадэхэм, гуащэхэм, пщыкъу зэхэм, пщыпхъухэм, щхьэгъусэхэм я цIэр ябзыщI, цIэ лей дахэхэр къыхуагъуэтри, абыхэмкIэ йоджэ.

● ЦIыхухъуитI зэщыхьамэ: «ЦIхьэлъащIэм и хьэтыркIэ щывгъэт», жиIэу цIыхубзым и IэльэщIыр абыхэм яку дидзэмэ, зззэуэну зэпэщIэувахэр зэпокIуэтыж.

● Адыгэ хабзэ зыщIэ, зи цIхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэ цIыхухъури мэтэдж цIыхубз кIыщыщIыхьэкIэ, кIыщыбгъэдыхьэкIэ, щыблэкIкIэ.

● ЦIыхубзхэр щхьэхуэу (пэш щхьэхуэм щыхуагъэува стIолым бгъэдэтIысхьэмэ) ягъэтIысмэ, ар къагурымыIуэу: «Адыгэхэм цIыхубзыр ягъэпуд, ахэр ягъэнэхьыкIэри, цIыхухъухэм зыбгъэдагъэтIысхьэркъым», - жызыIэхэр щыIэщ. Адыгэхэм ар дыдэмкIэ къагъэлъагъуэ цIыхубзым пщIэшхуэ зэрыхуащIыр.

Зыри зимыIэм выжьитI иIэт

Таурыхъ

Зыри зимыIэм выжьитI иIэти, хьэмэшыпхэмкIэ кърихуэкIым, кърихуэкIыурэ, «барф» жиIэу мыл джейм техуэу джэлащ.

- Уа, мыл, ульэщ-ульэщ?
- Сылъэщмэ, Дыгъэм сегъэври.
- Уа, Дыгъэ, ульэщ-ульэщ?
- Сылъэщмэ, Пшэм сыкъуельафэри.
- Уа, Пшэ, ульэщ-ульэщ?
- Сылъэщмэ, Уэшх хьысфIошхри.
- Уа, Уэшх, ульэщ-ульэщ?
- Сылъэщмэ, ЩIым сызэщIефри.
- Уа, ЩIы, ульэщ-ульэщ?
- Сылъэщмэ, Удз къысфIокIри.
- Уа, Удз, ульэщ-ульэщ?
- Сылъэщмэ, Мэлым сехъури.
- Уа, Мэл, ульэщ-ульэщ?
- Сылъэщмэ, Пщым сешхри.
- Уа, Пщы, ульэщ-ульэщ?
- Сылъэщмэ, си къамышы тхьэмпэр Дзыгъуэм сфIыпешхыкIри.
- Уа, Дзыгъуэ, ульэщ-ульэщ?
- Сылъэщмэ, Джэдум сешхри.
- Уа, Джэду, ульэщ-ульэщ?
- Ахьай сылъэщ, сымылъэщмэ, зэгъунэгъуибгъум я шэ пэгунибгъур изофри, гуащэм и къаыщ щхьэнтэм зызгъэбжьыфIэу сытеси!

• Къуажэхьэр

Унэр егъэхъей

■Зи пэр гъущI, зи щIэр пхъэбгъу, зызыгъэпщ, зызыгъэщхь, фIыцIэр плыжьу Iуэлыкъ.

■Зи къуэпсыр дуней псом лъэIэс.

■ЗэкIуэцIыплхьэмэ, Iэгу из, зэкIуэцIыпхмэ, щIыфIэ щыз.

■Зэм пшэр мэхъу, зэм уэд мэхъу, макъкIэ унэр егъэхьей.

■Зи лыр зи кIуэцIу, зи къупщхьэр зи щIыфэ.

Жэуапхэр:

Щэлыбжь. Лыгъэ. Гуэмэхьи. Пшынэ. Джэгъунэ.

Хъер къехь

● Нэщэнэхэр

◆Бзуужьхэм шэдым зыхагъапскIэмэ, уэлбанэ хъунущ.

◆Хьэндыркъуакъуэр пхуапэрэ псым хэбдзэмэ, уэшх кърегъэшх.

◆Унэм тхьэгъэлэдж къыщыджэмэ, бзв къешэ.

◆Уэлбанэ махуэу дыгъэр къуахьэ пэтрэ зэ къызэплъэкIыжмэ, уэфI мэхъуж.

◆Ужьэ уи щIапIэ къыхьэмэ, хъер къехь.

Псальэ пэжхэр

Уафэм пкIэльей езыдзыр - къурщ,
И фэр игъэкъабзэрэ
Мэшым хэбзэхэжьм - ныбгъуэщ,
ЩIы щIыIум щыпэщащэрэ
ЩIы щIагъым и шхыныр къыщIихым - хьэрхьупщ,
Махуэм зигъэпщкIуурэ
Жэщым щэкIуэн фIэфIым - дзыгъуэнэфщ,
Къуаргъ нэфым къилъыхъуэр - джэджьей фащ,
И жьэгъур кънгъэпщрэ
Пщэдджьыжь уэрэд къыхидзэм - хьэндыркъуакъуэщ,
Зепщыпщэу кънкIухьрэ
УеIуэсэм зишыхьым - цIыжьбанэщ,
Пабжьэм къыщрипщрэ
ПсыпщIэм къыхишэжьым - мэз бабыщщ,
Губгъуэм щыIущабэм - щынэ цIыкIущ.
БдзэжьеинкIэ шхэрэ
Зи лыр ямышхыр - псыхэуэщ,
Гъунэгъу ухуэжьум
Зыкъуидзрэ уи псэфыльым зыщIидзэм - ар дзыдзэщ.

«Псальэ пэжхэр» къэзыIуэтэжар Тэрч куейм щыщ Абейкъуажэм щыпсэу **ГЪУЭНЫБЭ (Юсэщ.**
Тедзэным хуэзыгъэхьэзырауэ щытар **КIУРАШЫI БетIалщ.**



Дыргуэ-дыргуэ

Дыргуэ-дыргуэ, Къуэ гъэфIэн, ЩIымыIэну
Дыргуэ-мыщэ, Хэт жызыIэр, Уэ нэхъ жан.
Дыргуэ-щауэ, Хэт зыIуатэр Ди къебжэкIыр
Щауэ къан, Уэ уи хьэпыр Дыухащи,
Нанэ и къуэ, Щхьэкъынэн? ЗыдогъэпщкIур,
Дадэ и къуэ, Дади нани Ухъу нэ жан!
Къуэ щэныфIэ, Пуми жаIэ

Чыху-чыху, алащэ

Чыху-чыху, алащэ, Бззэрыжьым ныпхьэ,
Алащэжьыр щэныбэ, Хьэфэ топ къащэжур,
Щэныбэжьыр лъэбышэ, Фетэ куэду къытхуашэ,
Чыху-чыху, чыху-чыху! Зэрызешэу къокIуэжьыр.
Шэщ кIыфIыжьым Чыху-чыху!
къыщIашыр, Псы щэдыжьым ныжнэ,
ХьэмкIэшыгум Нанэ йоIэри хухэшкъым,
ныщIащIэр, Дадэ йоIэри хишыфкъым,
ЗэщIэщIащIэу ныдокIыр, Си нжунэ къыхсыпри
Быргу-быргу, ЩIэущыкIыу къешэж!
Чыху-чыху! Чыху-чыху, чыху-чыху!



Адакъэ

Музыкэр КЪЭБЭРДОКЪУЭ Борис, псальэхэр СОНЭ Абдулгэрим яйщ.



Ди адакъэр лъэджажэ ц,
И сыджышхуэу плъыкы ыбзэр
Пащтыхь пыIэу къаэы ыэщ.
Уо-ри-уо-рей-дэ, уей.

Ушынауэ къыфIэщIмэ,
Яужь итуу къожажьэ,
Къоэзуэну ар хуожьэ.
Уо-ри-уо-рей-дэ, уей.

Ди адакъэм къытекIуэ

Зэрыхьэблэу ямыIэу,
Зытегушхуэр щIегъэIэ.
Уо-ри-уо-рей-дэ, уей.

А кIэрисэу бзаджащэм
Дзэпщым хуэдэу зегъэхъ-
ур;
Нанэ абы хуохъущIэ
Уо-ри-уо-рей-дэ, уей.

Псалъэзэблэдз

Жуапхэр мы псалъэхэм къахэгъуэтэ: Бзуухьэгъуэ, кхуэдаджэ, бабыщ, къуэрыгъ, къуэшхъ, къуэшцIъ, бухэдр.

УпщIэхэр:

1. Цы фIыцIэ цIу зытет къуалэбзу пIащэ.
2. ЩIымахуэм хуабэ щIыпIэхэм льэтэж къуаргъ льэпкъ.
3. КъуэкIий куу.
4. ШIынхэлъхьэ удз.
5. Къебэ-нобзу джабэм дэпщ *(къуажэхъ).*
6. Гъатхэм пасу къежьэ бзу льэпкъ.
7. Янэу тхэкIэрэ еджэрэ зэрыврагъащIэ тхыль.

Адыгэбзэр я псэм щагъафIэ

«Си бзэ - си псэ, си дуней» зыфIаща зэпеуэр ди республикэм и школхэм жыджэру щрагъэкIуэкI. Сабийхэм адыгэбзэмкIэ яIэ зэфIэкIхэр къапщытэ. Псалъэм папщIэ, художественнэ тхыгъэ щхьэхуэхэр зэпхрах, усэхэм шэрыуэу гукIэ къоджэ, хабзэм теухуа тепльэгъуэхэр къагъэльагъуэ, къэфэнкIэ, уэрэд жыIэнкIэ зэпоуэхэр, сурэт щIынымкIэ зэфIэкI зиIэхэр ягъэбелджылы, IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр ягъэльагъуэ.

Иджыблагъэ къэпщытакIуэхэр щыхъэщIащ Тэрч куейм щыщ Акъбащ Инщэ курыт еджапIэм икIи ялъэгъуа псори гунэс ящыхъуащ. Класс зыбжанэм я зэфIэкIхэр къагъэлъэгъуащ, нэхъ купщIафIэу урок щекIуэкIар зэхэкIыгъуейт, апхуэдизкIэ хуэIэижьу еджакIуэхэр зэпеуэм хэтащи.

ЩытхъУ нэхъыбэ зыхужаIахэм ящыщщ школым и 3-нэ класым щеджэ цIыкIуэхр. А класым щIэс сабийхэр «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм жыджэру хэтащ. Абыхэм я унафэщIщ ПщыукI Риммэ.

ГЪУКIАКЪУЭ Инал.

Iуэрыуатэ - дыщэ пхъуантэ

Хьэндыркъуакъуэ

Бзар гъуэмбым къипщауэ, хьэндыркъуакъуэм хуэпщырт ишхыну. Хьэндыркъуакъуэр псым хэмыпкIэжу зыIэригъэхьэн щхьэкIэ, къигъэщIэн и гугъэу, мурад хуищIауэ жиIэт:

- Еуэрэ-еуэрэ, еуэрашэ,
Сыт и щыгъуи
Сынэшэкъашэщ.
Багъэтыр лъашэ
Гъуэм сыкъреш,
Мей мэскIэплъым
сыкърешалIэ!

Пщы Къет
Пщы Мэз къиукIащи,
Хьэдагъэ унэкIуэн? -
жиIэри...

- Ей-ей, сэрмыгъуэ!
Сэ схуэдэр
Пщым я бжэIу
Iуагъэхьэрэ?..
Сыхьэншакъылэщ,
Сыхьэлъэкъуэжьщ,
Си нэр къопщ,
Си пщэр кумбщ.
ЖьгъумпIыкъ,
Жиэри, псым хэпкIэжащ.





Красножан Юрэ арэзы хъуакъым.

Ирикъункъэ «гупкIэм» дыззэрыпысар?

Мазэ нэблагъэ и пэкIэ зэпагъэуа Урысей Федерацэм и премьер-лигэм футболымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэм дызыхуэкIуэ мэремым щIедзэж. Дауэ хуэхьэзыр кьыпэщыть бэнэныгъэ гуащIэм зэпеуэм и «гупкIэм» кьыщыхута «Спартак-Налшыкыр»? А упщIэм жэуап еттыну дыхущIэкъунщ.

Апхуэдэу щыт пэтми, ди щIалэхэр япэу щытекIуар еханэ джэгуГъуэпэ икIи, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар и закьуэу иджыри къэс кьонэ. Налшыкдэсхэм я хьэрхуэ рэгъуэхэм япэ топыр щыхудагъэкIыфар данькиклэ 350-кIэ (еплIанэ зэщIэм и кIэух хьухукIэ) ныкьуэкьуа нужькIэщ. Ари зыхуэзэфIэкIар ди гъуащхьэхьумэхэм ящыщ зырщикIи, дакьи-кьищ нэхъ дэмыкIыу, топ кьыдрагъэтэжкIыжри, «Сатурн»-м текIуэфакъым.

Ди щIалэхэм Налшык кьыщахьыну текIуэныгъэм нэгъабэ щыщхьэIуэм (августым) и 10 лъандэрэ дыпагъэплъащ. ИкIи мазийрэ ныкьуэрэ (!) дызыщIэхьуэпсар «Амкар»-м и деж мэлыжьыхьым и 26-м кьыщыдэхъулIэну куэдым я гугъат. АрщхьэкIэ, дэнэ? КьыкIэлъыкIуа джэгуГъуитхуми налшыкдэсхэр щытекIуа кьэхъуаущхьэм. Абы иджыри мазэ бжыгъэкIэ дыпагъэплъэнымэ, Iуэхур зэйлъхьэпуэ аращ.

Адрей ильэсхэми хуэдэу ди щIалэхэм «нужьрей дакьикьхьэхэм я уэ» яхэтщ. Сыт хуэдизэ очко яфIэкIуэда абыхъэм а лъэхъэнэм?! Мы гъэм и закьуэ нужь дыдэ дакьикъхэхэм Гроэнэ и «Тэрч»-р кьащефIэкIащ, зытекIуэ Мэзкуу областым и «Сатурн»-мрэ Дон Iуц Ростов и «Ростов»-мрэ бжыгъэр зэхуэдэ ирагъэщIыжащ, метр пщыкIуэм и деж щыту ванельтир зэрыдамыгъэкIыфам кьыхэкIыу «Химки»-р хагъэщIакьым. Абыхэм я зэранкIэ ди командэм фIэкIуэда очкоиблыр хэлъыжащэ, дыщIэгуэзвэн щымыIэу «Спартак-Налшыкыр» и джэгуэр зэтеувэжауэ гугъэ дегъэщIри аращ. Ар мыпэжьнкIи хъунщ, ауэ топджэгум дихьэххэм сыт щыгъуи нэхъыфIыр ди хъуэпсапIэщ. Армырауи хъунукъым.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзам хуэдэу хуэмыхуу «Спартак-Налшыкым» премьер-лигэм зэи щригъэжьакъым. Абы щыгъуэми, зэпеуэм иджы нэхърэ нэхъыфIу зэгуэр хуэхьэзырауи пхужьIэнукъым. Адрей ильэсхэм емыщхьу, тренерхэмрэ футболистхэми «зэрызагъэпсэхуа» зэманыр пщIэншэу ягъэкIуэдакъым икIи зыгъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр ираГъэкIуэжыкIа пIальитIкIэ Нартсанэ (Кисловодск) щыIащ. Абы кьрикIуар кьэзыгъэлъэгъуэнур зэхьэзэхуэм и кIэухырщ.

Япэ зэпыгъэугъуэр хьарзынэу кьызыгъэсэбэпам и щыхьэт нэсщ мэкьуауэгъуэм и 14-м «Зенит»-м драгъэкIуэкIа зэйущIэр. Европэ псом щызэхуашэса футболист лъащхэмрэ тренерхэмкIэ кьызыхуэт щымыIэу уэрда санкт-петербургдэсхэм ди щIалэхэм бэнэныгъэ гуащIэ иращыIлэфащ икIи хагъэщIэным мащIэ дыдэщ нIэжар. ИкIэм-икIэжьым гугъуехьыщхуэ пылъу зыIэрагъэхьа зы очко закьуэми щыгуфыкIыу абыхэм Налшык ябгынащ.

Псом хуэмыдэу гукьыдэр кьыдитащ ди командэр кьикIуэтрэ кьеплъэкIрэ имыщIэу хьархуэрэгъу лъэщым зэрыпэщIэтам. Дауи, куэдым дэрэжэгъуэ ин ях уэхъуащ Джатэрыв Къазбэч «Зенит»-м худигъэкIа топитIыр. Аращ абыхэм языхэзыр премьер-лигэм и епщыкIутIанэ джэгуГъуэм щыдагъэкIа псоми дахагъыдэ ефIэкIауэ урысей-псо «Спорт-эк спресс» газетымрэ «Урысей футболэ» теленэтынымрэ кьыщIалъытар.

А зы джэгуГъуэ закьуэм апхуэдизу зыуБгъуауэ дыщытепсэлъыхьым и щхьэусыгъуэр «Спартак-Налшыкым» и джэгуэр зэтеувэжауэ гугъэ дегъэщIри ящыщ зыр ди Iэрыльхьэщ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэр щыщIидзэм налшыкдэсхэр зэрагъэпльэщыну щэч кьыдытехьэртэкьым кьахьыхьагъащIэхэу Къэзахьстаным и командэ кьыхэхам и гъуащхьэтет Лорие Давид, Бразилием щыщхэу Ферейрэрэ Леандрурэ, Аргентинэм кьраша Паради, белорус щIалэщIэ Концевой Артем, Къэбэрдей-Балькъэрым топджэгум щыдихьэххэр егъэлеяуэ щыгуфыкIат ди командэр премьер-лигэм зыша топыр 2005 гъэм дэзыгъэкIа, абы кьыкIэлъыкIуэ ильэсым гъуащхьауэ нэхьыфIу диIа Концедалов Роман кьыщэригъэзэжам. Мэзкуу и «Локомотив»-м зыщыдыгъэса ди лъахэгъу Бырхэм Кьантемыри, дауи, дыщыгугът. АрщхьэкIэ абыхэм эзкIэ зыкьыдзэкьуахакьым, Iэмал икIи зэман хьарзынэ Красножан Юрэ ярита пэтми.

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэтетхэм щхьэкIи ущIэгуэзвэн щыIэтэкьым. Нэгъабэрей зэгурыIуэныгъэм тету, Мэзкуу и «Спартак»-м аргуэру пIальэкIэ кьытхуиутIыпщат Хомич Дмитрий. КьищынэмыщIауэ, гъуащхьэтет Iэзэхэу Лорие Давидр Радич Деянрэ зыкъагъэлъэгъуэну Iэмал кьащыхукъуэкIынут тепыIэншэу пэпльэрт. Ди жагъуэ зэрыхъущи, куэд дыдэ дэмыкIыу Iуэхур зэIыхьэу хуежьащ. Чэзэр кьыщыIымысым, фэбжь иIэу щхьэусыгъуэ ищIри Сербием игъэзэжауэ, нэгъуэщI командэ Радич кьелъыхъуэ. Самарэ и «Крылья Советов»-м щыдэджэгум зэрыраудам и зэранкIэ мазэ бжыгъэкIэ джэгуплI губгъуэм кьихьэжьыфы-нукьым Хомич. Аращи, гугъапIэу кьытхуэнэжар Лорие и закьуэщ. Абыи командэм хэкIыжьну зиГъэхьэзырат икIи щIэупщIэ хьарзынэ Израилымрэ Къэзахстанымрэ кьикIыу иIэт. Иджы «Спартак-Налшыкым» и лъэр щIигъэбыдэну Iэмал хьарзынэ кьыхукъуэкIащ.

2009 гъэм екIуэ зэхьэзэхуэм щыщу зыхэта джэгуГъуэ пщыкIузым ди щIалэхэм зыIэрагъэхьэфар очкоуэ 8-щ. Ар нэгъабэрейм хуэдитIкIэ кьыкIэроху. Мы щытыкIэм щIэзихьуэжьнуи фIэщ щыгъуейщ. Сыту жьыпIэмэ, кьыкIэлъыкIуэ джэгуГъупIлыр (Кубокым ейри хэту) «Спартак-Налшыкым» нэгъуэщI стадионхэм щригъэкIуэжынущ. Ар зэкIэлъхьэужьу зыIущIэну «Кубань»-ми, «Динамо»-ми, ЦСКА-ми очкохэр фIырфIкIэ кьуатыныкъым, псом хуэмыдэу ахэр я стадионым кьызэрыщыщIидджэгунур кьэплъыгъэмэ. Ауэ, хэт ищIэн? Нэгъабэ премьер-лигэм дыкъыхэзыгъэнар ЦСКА-мрэ «Зенит»-мрэ кьафIэтхьэхуа зэIущIэхэрац. Мы гъэмэ апхуэдэу щхьэ мыхъуэ?!

Нартсанэ зыщагъасэри, щэбэт кIуам ди щIалэхэм Налшык кьагъэзэжащ. «Спартак-Налшыкым» и тренерхэр абы щыкIэлъыплъащ зыхагъэхьэнкIэ хъуну футболист зыбжанэм. Хэт ищIэн, апхуэдизу дызыхуэныкъуэ гъуащхьауэ Iэзэ а щIалэхэм кьахэкIынкIи хъунщ. Сыти жыIи, джэгуГъуэ пщыкIузым топи 8 фIэкIа хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм думыгъэкIауэ ехьулIэныгъэхэм у ащIыщыгугъын щыIэкъым. Абыхэм ящыщу тIурац ди гъуащхьауэхэм зрагъэхуулIар (Концевоймрэ Гъуэщокьуэмрэ я топ зырыз). Ди щIалэхэм нэхьрэ нэхь мащIэ дэзыгъэкIар «Кубань»-м и закьуэщ. Ауэ абы и топиблым очко 13 кьахуилэжьащ.

Налшыкдэсхэм сэбэп яхуэхъуфыну кьыщIэкIынут бэджэнду Мэхьэмкъалэ и «Анжи»-м и мурата Къэжэр Назиррэ Мэзкуу и «Спартак»-м и щIалэгъуалэ командэм и капитан, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм пашэ щыхьуа Бажэ Амиррэ, АрщхьэкIэ, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыхэжьну, ди тренерхэм абыхэм я дзыхь зэкIэ ирагъэзкьым.

Дауэ щытми, футболистыщIэкэр премьер-лигэм хэтхэм зыхагъэхьэну Iэмал щагъуэтынур мазэ дэкIмэщ. АпщIондэхукIэ яIэхэр егупсыгъуэ кьагъэсэбэпыпхъэщ. Къэралым и гуп нэхьыщхьэм кьыхэнэн папщIэ, налшыкдэхэм бэнэныгъэ гуащIэ кьапэщылъщ. АбыкIэ я хьэрхуэрэгъу нэхьыщхьэу щытыну кьыщIэкIынущ Химким и «Химки»-р, Пермь и «Амкар»-р, Томск и «Томь»-р, Мэзкуу областым и «Сатурн»-р, Краснодар и «Кубань»-р. ДяпэкIэщ дэтхэнэми и зэфIэкIыр здынэсыр кьыщигъэльэгъуэнур, футболым зыкIи емыхьэлIа Iуэхугъуэхэри кьэзыгъэсэбэпхэри яхэту. Ди фIэщ мэхьу «Спартак-Налшыкыр» и ныкьуэкьуэгъуэмефIэкIыу нобэрей щытыкIэ хьэлъэм кьызэрикIыфынур. Абы щхьэкIэ зыхуеину псори щыIэ хуэдэщ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● Футбол

● Зэхьэзэхуэ

Хьэшыр Чылар и цIэр зезыхьэ командэр токIуэ

Илъэси 180-рэ и пэкIэ япэ дыдэу цIыхур и щыгу ихьащ Европэм и бгы нэхъ льагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ. Ар хуэзфIэкIащ ди лъэпкъэгъу Хьэшыр Чылар. Мы гъэм а юбилейр ди республикэм и щIыпIэ куэдым щагъэлъапIэр. Араща зытеухуауэ щытар иджыблагъэ Бахъсэненкэ къуажэм щекIуэкIа футболымкIэ зэхьэзэхуэрэ (еплъ: «АП», 2.07.09) Зэпеуэр кьызэрагъэпэщащ икIи ирагъэкIуэкIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Шэрджэс конгрессымрэ.

ТУРНИРЫР егъэкIуэкIыныр кьыхэзыльхъар Шэрджэс конгрессым хэт Шхьэгъум Хьэсэнщ. И кьуажэгъуэм абыкIэ щечэнджэщым, Iуэхур кьыдаIыгъащ икIи кьуажэм футболымкIэ и егъэджакIуэхэр щIэгъэкъуэн кьыхуэхъущ. Абыхэм зэпеуэм кьыхалащ 1994-1998 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэр икIи командиплIу ахэр ягуэшащ.

Тренерхэу Уэзрокъуэ Анзоррэ Тхьэкъуачхъуэ Хьусенрэ я гъэсэнхэм зэхьэзэхуэр бадзэуэгъуэм и 1-м пщэдджыжьым жьыуэ щIадзащ икIи, сабийхэм махуэ хуабэр къаIетмыхьэлъэн щхьэкIэ, зэIущIэхэр дакьикъэ 25-кIэ ирагъэкIуэкIыну зэгурыIуащ.

Юбилейм ирихьэлIэу кьызэрагъэпэща зэхьэзэхуэр мы куажэм щекIуэкIыну кьыщIыхахами щхьэусыгъуэ иIэщ. Мы къуажэм футболым зыужьыныгъэфI щегъуэт. Илъэс зыбжанэм кьрИубадзу абы и командэм республикэ, щIыналъэ, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм текIуэныгъэхэр кьыщихьащ, абыхэм кубок 15 я къздрашауэ я щIыпIэ музейм щIэтщ. Республикэ футболым зегъэужьным теухуауэ щыIэ программэм ипкъ иткIэ, куэд щIакъым къэсэйхьэлIадэхэм фащэхэр, топхэр къаззрыIысрэ, и кIэм ноблагъэ къуажэм щаухуэ джэгуПэ губгъуэщIэри.

Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIуэ илъэси 180-рэ зэрырикъум хуэхаха зэхьэзэхуэм и япэ зэIущIитIым кьыщыхагъэщIа командэхэр ещанэ зэпеуэм щIэгбэнащ. Абыхэм зэзэгъэуэ зэIущIам и япэ Iыхьым джэгукIэ хъарзынэ кьиргъэлъэгъуащ «Нартым» икIи 2:0-у текIуэ загъэпсэхуну икIыжащ. ЕтIуанэ Iыхьэм «Ридадзэм» щIикьуэщ, зэман куэд дэмыкIыу бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. Командэхэм псори щIэрыщIэу кьыщIадзэжьын хуейт. Япэ, етIуанэ увыпIэхэм яIущIэкIамэ, дэтхэнэ зыри ерыщу хущIэкъурт ещанэм. АбыкIэ и кIэн кьиклащ «Ридадзэм». ЗэIущIэр иухыну дакьикъ бжыгъэ фэкIа имыIэжу, зы топ дагъэкIри япэ ищащ икIи зэманыр иухыху текIуэныгъэ кьахуэзыхь бжыгъэр ихъумэфащ.

Финалым щызэхуэзащ япэрей зэIущIэхэм щытекIуа «Къэсеймрэ» Хьэшыр Чылар и цIэр зезыхьэ командэмрэ. Зэхьэзэхуэм кIэлъыплъыну куажэм щколым и стадионым кьекIуэлIа цIыхухэм я благъэ, я Iыхьлы зыхэт командэхэр трагъэгушхэрт. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр «Къэсейр» 2:1-уэ кьыхагъащIэу иухащ. ЕтIуанэмэ абыхэм я джэгукIэм хагъэхъуэфакъым, ауэ Хьэшырым и цIэр зезыхьэ командэм иджыри зы топ и хьэрхуэрэгъуэм яхудигъэкIыжри, 3:1-уэ зэIущIэм щытекIуащ.

- НыбжьыщIэхэм лъэпкъ Iуэхур кьыззрыдэкфIыгъам папщIэ фIыщIэ фхузощI, - зэхуигъэзащ командэхэм ЩыIэгъум Хьэсэн. - Мы гъэм илъэси 180-рэ ирокъу ди лъэпкъэкъу адыгэ щIалэ Хьэшыр Чылар псом япэу Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ. Ди гуапэщ Хьэшырым и зэфIэкIыр дэтхэнэ зым и дежкIи щапхъэу ди къэралым, дуней псом щIэрыIуэ фыщIыхьуну. Тхьэм фригъэфIакIуэ!

Зэхьэзэхуэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм кьабгъэдэкIыу футболистхэм ираташ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд итха «ХамэщIым вагъуэхэр щоужьых» тхьэлъыр, Хьэшыр Чылар теухуауэ иджыблагъэ кьыдэкIа «Хасэ» газетыр, ватъуэ 12-р зытет лъэпкъ ныпыр. КьыщIынэмыщIауэ, пшэ хуэхэм ираташ зэхьэзэхуэм зэрыхэтамкIэ щIыхь тхьылъхэр. Япэ увыпIэр зыубыда Хьэшыр Чылар и цIэр зезыхьэ командэм кьыпIысащ ди лъэпкъэгъум и зэфIэкIым щхьэкIэ ягъэхьэзыра кубокыр. Командэхэм я тренерхэми зэхьэзэхуэм и суд ьуэ щыта Даур Анзоррэ Зэрэкъуш Ратмиры саугъэт щхьэхуэхэр кьаIысащ.

- ИкъуэкIэ ди гуапэ хъущ мы зэхьэзэхуэр ди къуажэм зэрыщекIуэкIар, - жаIащ футболымкIэ тренерхэу Уэзрокъуэ Анзоррэ Тхьэкъуачхъуэ Хьусенрэ. - Мыпхуэдизу щыIыхьыщхуэ зыпыльть зэхьэзэхуэм ди гъэсэныгъэ зэрыхэтар ди дежкIэ пщIэшхэщ. КьищынэмыщIауэ, нобэрей зэпеуэр сэбэпыпхъуэ хъуащ уэрамым дэт сабийхэр джэгуПэ губгъуэмкIэ кьегъэлIыныкIэ. Ди гуапэт мыпхуэдизу зэхьэзэхуэхэр илъэс кьэс екIуэкIамэ икIи ди къуажэм кьищынэмыщIауэ, районым, республикэм и командэхэр кьрихьэлIамэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Дакъикъэ бжыгъэ дэкIмэ, футболист ныбжьыщIэхэм зэпеуэм щIидзэнущ.

Наркополицейхэм я тхьэрыIуэ

УФ-м Нарк отнкIэм кIэлъыплъынымкIэ и федерал къулыкъум и Гуэхущапи Iэу КъБР-м щыIэм щIэуэ кьахьыха наркополицейхэм (ахэр 10 мэхъу) а Iэнатlхэм я лэжьакIуэм и тхьэрыIуэ кьащтащ.

«ТХЬэ соIуэ си лэжьыгъэм пыщIа сыт хуэдэ гугъуехьхэри екIуу ехьэхьэкIыну, пэжагъ, лIыхъужьныгъэрэ сащIэрэ зыIэхьэлъ лэжьакIуэу сыщыту, си щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ кьызэрахькIэ щIэпхъаджагъэхэм сыпэщIэтыну, Урысей Федерацэм и щынагъэщIащагъэр зэтеувэнымрэ нэсу кьыщызгъэсэбэпыну, кьулыкъум и щхьэхэр ткIийуэ схъумэну». Апхуэдэ псалъэр илъэс кьэс мэIу бадзэуэгъуэм и 1-м, наркоIуэху-щIапIэм и лэжьыгъэм щыщIидза махуэм. Ахэр щоIу кьалэнхэр ирахьэкIыу хэкIуэдащэм, кьэрал дамыгъэхэр зыхуэтхьэфэщащэм и сурэтхэр здыфIэть пэш. Абыхэм я фэеплъым уепщIыж хъунукъым, абыхэм зэрахьа лIыхъужьныгъэм хуэфащэу щытын хуейщ.

ТхьэрыIуэр щекIуэкIыр лэжьакIуэщIэ хэм гукъинэжь ящIыхьу махуэщ. КъБР-м щыIэ Нарк оIуэхущапIэм и унафэщIым и лэжьакIуэ щыIэныгъэм хуэфащэу щытын хуейщ.

ТхьэрыIуэр щекIуэкIыр лэжьакIуэщIэ хэм гукъинэжь ящIыхьу махуэщ. КъБР-м щыIэ Нарк оIуэхущапIэм и унафэщIым и кьуэдзэ Соловьев Николай Хэкум кьулыкъу хуэзыщIэрэ самаркьхьыкъ щIа лэщIэхэм ущIе псалъэкIэ захуигъэзащ, я пщэ кьыдэхуэ жэуаплныгъэр ягу кьынгъэкIыжри, наркоIуэхущапIэм и лэжьакIуэ щIэм хуэфащэу кьалэныр зэрыразэхьэкIынур и фIэщ зэрыхъури яжриащ.

МЭРЩЭНКЪ УЛ Наталье.

ТыгъэфI кьыхуащI

Дыгъуасэ «Налшык и зоопарк» муниципальнэ IуэхущапIэм и псэущхьэхэм щIэуэ кьаухуэхуащ мазэ ещанэм ит кьаплъэн щыгъуэ. Ар Геленджик (Хьэфыщей) и «Сафари» паркым тыгъэ кьахуищащ.

НАЛШЫК зоопаркым и унафэщI Iэрэмысэ Аслъэнбий кьыззрыджкIамкIэ, апхуэдэ гуныжьэр кьызыхэкIар ди IуэхущапIэм и лэжьакIуэхэр псэущхьэхэм фIыгъэ зэрыдэлъэпльащ. Абы гу лъамытэу кьэнакьым ГъунэгъуI щыIналъэхэм щыщу ди деж лэжьыгъэ Iуэхукъэ щIэх-щIэхыуэ кьакIуэ IэщIагъэлIэм. Псом хуэмыдэу абыхэм ягу ирихьащ кьаплъэн, аслъэн хуэдэ псэущхьэщхуэхэр мыбы зэрыщIыгъ щыкIэми зыхуэй хуэзэу зэрагъашхэми.

ЩIэуэ кьаухэхуэ кьаплъэн щыгъэм зыхуей хуэзэпауэ плIэнэпэ хухакащ. Ар нэхущ, гъущэщ.

Зы мазэ нэхь дэмыкIыу ди зоопаркым иджыри тыгъэ кьыхуащIынущ зэуэ аслъэн щыритI. Ахэр дуней кьыззрыгъэхьэрэ мазэ хъуа къудейщи, анэм кьыщIэпчыну пасэIэущ. Абы кьых экIыу Геленджик и «Сафари»-паркымрэ Налшык и зоопаркымрэ я унафэщIэхэр зэгурыIуащ псэущхьэхэм мазитI ирикьуху пэплъэнэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым бадзэуэгъуэ мазэм мыпхуэдэ спектаклхэр щекIуэкIынущ:

Бадзэуэгъуэм и 15-м
Шамхалов Мэжид, «Гуащэ ябгэ» (ТушыIэ).

Бадзэуэгъуэм и 21-м
Концерт.

Театрым и художественнэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Шыбзыхъуэ Басирщ.

ЩыщIидзэр сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-рщ.
УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ: 42-64-94, 42-33-89

Премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIым и тепльэр ЕпщыкIутIанэ джэгуГъуэм нужькIэ

	я стадионым						нэгъуэщI щыпIэхэм						псори зэхэту					
Командхэр	Дж.	Къ	З.	ФI.	Т.	О.	Дж.	Къ	З.	ФI.	Т.	О.	Дж.	Къ	З.	ФI.	Т.	О.
1. "Москва"	6	4	2	0	9-2	14	6	2	3	1	4-3	9	12	6	5	1	13-5	23
2. "Рубин"	7	4	1	2	12-4	13	4	2	2	0	9-3	8	11	6	3	2	21-7	21
3. "Спартак"-М	7	5	1	1	15-4	16	5	1	1	3	5-7	4	12	6	2	4	20-11	20
4. "Крылья Советов"	5	3	1	1	7-4	10	7	3	1	3	6-7	10	12	6	2	4	13-11	20
5. "Динамо"	7	4	1	2	8-6	13	5	2	1	2	5-6	7	12	6	2	4	13-12	20
6. ЦСКА	4	2	0	2	7-5	6	7	4	1	2	11-5	13	11	6	1	4	18-10	19
7. "Зенит"	5	4	1	0	10-3	13	7	1	3	3	9-9	6	12	5	4	3	19-12	19
8. "Ростов"	5	1	4	0	5-4	7	7	3	2	2	5-4	11	12	4	6	2	10-8	18
9. "Локомотив"	6	4	2	0	11-4	14	6	0	2	4	2-10	2	12	4	4	4	13-14	16
10. "Тэрч"	7	4	2	1	11-7	14	5	0	2	3	2-9	2	12	4	4	4	13-16	16
11. "Кубань"	5	3	2	0	3-0	11	7	0	2	5	4-12	2	12	3	4	5	7-12	13
12. "Сатурн"	7	2	2	3	4-10	8	5	1	2	2	5-8	5	12	3	4	5	9-18	13
13. "Томь"	7	2	1	4	7-11	7	5	1	2	2	2-6	5	12	3	3	6	9-17	12
14. "Амкар"	6	1	3	2	3-5	6	6	1	2	3	6-13	5	12	2	5	5	9-18	11
15. "Спартак-Налшык"	6	1	4	1	7-5	7	5	0	1	4	1-6	1	11	1	5	5	8-11	8
16. "Химки"	4	0	2	2	3-7	2	7	0	2	5	5-14	2	11	0	4	7	8-21	4

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭфIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылласэ Заурбэч(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪЭКIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хъэжыкьарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхабэзмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущапи Iэхэм я дэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапи Iэм - 42-26-41; суэрэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я нэхъыщхьэ зэи зыгъэхьэн ямыIэу, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтеухуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщIэ дэтыщ КъБР-м федералыгъэ иощт зэнышIэныгъэхэмкIэ и управленом.
Тел.: 42-06-51, 42-19-89.
Газетыр щрипымкIэ жэуап екъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №НЛ-0065-уи щIэныгъэщ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Гъурыжь Мадинэ,** редактору **Щирдий Маринэ,** корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(1,2-нэ нап.),* **Бащэ ФатIимэ** *(3,4-нэ нап.),* корректорхэм я дэIыпыкъуэгъу **Иуан Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **ГъукIэлI Рае, Щомахуэ Марианэ,** *суэрэтыщI* **Къарей Элинэ.**

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзэр сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.896● Заказ №2166